**муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**средняя общеобразовательная школа № 31**

Утверждено на заседании МО
учителей осетинского языка
и литературы
Чараева Т.Ц.
от 28.08. 2023 протокол № 1

Утверждаю
Директор МБОУ СОШ № 31
З.А.Варзиева
28.08.2023 протокол № 1

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА по
# осетинскому языку
# для учащихся 10-х классов по УПМ «Ирон æвзаг»
# автор – Цопанова Р.Г.
# (2023-2024 учебный год)

2023-2024 г.

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ АХУЫРАДОН ПРОГРАММÆ 5–11-ÆМ КЪЛÆСТÆН

### Æмбарынгæнæн фыстæг

Ахуырадон предмет «Ирон æвзаг»-ы кусæн программæ (5 – 11 къл.) арæзт у ахæм бындурæвæрæг документтæм гæсгæ:

• Федеральный закон от 29.12.2012 N 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации» (ред. от 29.12.2017);

• Федеральный государственный образовательный стандарт основного общего образования (в ред. Приказа Минобрнауки РФ от 31.12.2015 № 1577);

• Федеральный государственный образовательный стандарт среднего общего образования (в ред. Приказа Минобрнауки РФ от 31.12.2015 № 1578);

• Ирон æвзаджы программæ 1 – 11 кълæстæн (ныффидар æй кодта Цæгат Ирыстон – Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрад 2017 азы).

Цæгат Ирыстоны-Аланийы ис дыууæ паддзахадон æвзаджы: ирон æмæ уырыссаг. Ирон æвзагæй адæм пайда кæнынц се ’рвылбоны царды æмæ æхсæнадон-политикон, барадон, наукон, культурон архайды, ахуырад æмæ аивадон-дзырдон сфæлдыстады. Уый у æвзагон/ныхасон æрмæг хъахъхъæныны æмæ йæ иу фæлтæрæй иннæмæ дæттыны сæйраг фæрæзтæй иу.

Ирон æвзаджы лексикон-грамматикон, стилистикон фæрæзтæ сты хъæздыг, йæ аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ – бирæ æмæ ахадгæ. Уымæ гæсгæ æвзагæн йæ бон у царды домæнтæн дзуапп дæттын, йæ размæ æвæрд хæстæ æнæкъуыылымпыйæ æххæст кæнын. Йæ ахуыр кæнын ахъаз у уырыссаг æмæ æндæр æвзæгтæ хуыздæр æмæ æнцондæрæй базонынæн дæр.

Ахуырадон предмет «Ирон æвзаг» скъоладзаутæн зонындзинæдтæ дæтты мадæлон æвзаджы тыххæй, амоны, æвзагæй алыхуызон уавæрты куыд пайда кæнын хъæуы æмæ йæ кæцы хæйттæй, уый; скъоладзау ахуыр кæны ирон культурæйы удварнон хъæздыгдзинад æмæ литературæ, æмзонд у йæ адæмимæ, стæй хайджын кæны æппæт адæмты культурон-историон фæлтæрддзинадæй.

Предмет «Ирон æвзаг» ахуыр кæныны сæйраг ***нысæнттæ*** сты:

1) ирон (мадæлон) æвзагмæ æмбæлгæ ахаст хъомыл кæнын, куыд культурæйы вазыгджын фæзынд æй æмбарын кæнын;

2) удварнон-эстетикон хæзна кæй у, уый æмбарын кæнын;

3) мадæлон æвзаг ныхас кæныны æмæ ахуырадон архайды сæйраг фæрæзтæй иу, адæймаджы архайды бæлвырд къабæзты зонындзинæдтæ райсыны мадзал, æхсæнады фидаргонд этикон нормæтæ базоныны амал кæй у, уый æмбарын кæнын;

4) вазыгджындæр иумæйагахуырадон арæхстдзинæдтæ æмæ универсалон ахуырадон архæйдтытæ (архайды нысан амонын, фæтк ын æвæрын, библиографион агуырд кæнын, алыхуызон æвзагзонынадон дзырдуæтты æмæ æндæр æвзæрæнты хъæугæ информаци арын, уыимæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæй æмæ Интернетæй, тексты мидисыл кусын) базонын кæнын;

5) æвзаджы системæйы арæзты тыххæй æмæ, куыд кусы, уый тыххæй, ирон литературон æвзаджы стилистикон фæрæзтæ æмæ сæйраг нормæты тыххæй зонындзинæдтæ райсын; æвзагон фæзындтæ уынын, иртасын, кæрæдзиуыл сæ барын, классификаци сын кæнын æмæ сын аргъ дæттыны ахуырадон æмæ æндæр арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын;

6) дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæ, ныхас кæнынимæ баст архайды хуызтæй, æвзаджы фæрæзтæй алыхуызон уавæрты пайда кæныны æгъдæуттæ, ныхасы этикеты нормæтæ базонын; активон дзырдуат хъæздыг кæнын;

7) зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæй практикон хуызы пайда кæнынил ахуыр кæнын.

## Ахуырадон предметы иумæйаг характеристикæ

Ирон æвзаг скъолайы ахуыр кæныны сæрмагонд нысæнттæ сты: скъоладзаутæм *коммуникативон, æвзагон, лингвистикон* æмæ *культурæзонæн* компетенцитæ рæзын кæнын.

*Коммуникативон компетенци* нысан кæны мадæлон æвзагæй ныхасы алыхуызон уавæрты, ныхасы темæ æмæ нысæнттæм гæсгæ пайда кæнынмæ арæхсын; дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæйы бындуртæ зонын; скъоладзау цы кары ис, ахуыры алы къæпхæнты (5 – 7, 8 – 9, 10 – 11 кълæсты) йæ фæлтæрддзинад æмæ психологион миниуджытæ цавæр сты, уымæ гæсгæ ныхас кæнынмæ арæхсын.

*Æвзагон компетенци* у:

*зонын:*

- мадæлон æвзаг куыд нысанон системæ æмæ æхсæнадон фæзынд;
- æвзагæн йæ арæзт;
- æвзаг куыд рæзы æмæ дзы куыд пайдагæнæн ис;
- ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæ;
- фаг дзырдуатон æрмæг;

*пайда кæнынмæ арæхсын:*

- ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæй;
- æвзаг æмæ ныхасы аивгæнæн мадзæлттæй;
- алыхуызон лингвистикон дзырдуæттæй.

*Лингвистикон компетенцимæ* хауынц скъоладзауты зонындзинæдтæ наукæ «Ирон æвзаг»-æй, йæ хæйттæ æмæ æвзаг наукон æгъдауæй ахуыр кæныны нысæнттæ, стæй, ирон æвзаджы фæрстытæ цы ахуыргæндтæ иртæстой, уыдоны тыххæй æрмæг зонын.

*Культурæзонæн компетенци* баст у, æвзаг националон культурæйы тыххæй дзурыны формæ кæй у, уый æмбарынадимæ, адæмы æвзаг æмæ истори баст кæй сты, ирон æвзагæн националон-культурон æууæлтæ кæй ис; ирон ныхасы этикеты нормæтæ зонынимæ.

Ахуырады сæйраг иумæйаг хæстæ æмбæлгæ хуызы æххæст кæнæн ис, æвзаг æмæ ныхас тынг хорз зонгæйæ. Коммуникативон æмæ культурæзонæн компетенцитыл фылдæр ахуыр кæнынц ныхасы рæзтыл кусгæйæ, лингвистикон компетенци та рæзы, æвзаджы системæ ахуыр кæнгæйæ.

Ирон æвзаджы программæйы æнгом баст сты йæ дыууæ структурон хайы: «Æвзаджы системæ» æмæ «Ныхасы рæзт» – ныхасы культурæ рæзы, æвзаджы системæ, йе 'гъдæуттæ ахуыр кæнгæйæ; æвзаджы системæ та æмбæрстгонд цæуы ирон ныхасы хуызæгты (алыхуызон текстты) бындурыл.

Амынд нысæнттæ къухы бафтыны тыххæй æххæст кæнын хъæуы ахæм ***хæстæ***:

- скъоладзаутæн базонын кæнын, æвзагыл æхсæнады царды цы хæстæ æвæрд ис, цавæр бынат ахсы ирон адæмы царды, цæмæй хъæздыг у, цавæр сты йæ аивгæнæн мадзæлттæ; бæлвырд зонындзинæдтæ раттын ирон литературон æвзаджы фонетикæ, графикæ, орфоэпи, орфографи, лексикæ, морфемикæ, дзырдарæзт, морфологи, синтаксис, пунктуаци æмæ стилистикæйæ, стæй, райст зонындзинæдтæй практикон архайды куыд пайдагæнæн ис, уый тыххæй;
- скъоладзауты ныхас рæзын кæнын: хъæздыг сын кæнын сæ активон æмæ пассивон дзырдуат, раст аразын сæ ныхасы грамматикон сконд; архайын, цæмæй базоной литературон æвзаджы нормæтæ, зоной æмæ арæхсой алыхуызон коммуникативон уавæрты дзургæ æмæ фысгæ ныхасæй раст æмæ уæгъдибарæй пайда кæнын;
- амонын æмæ хуыздæр кæнын орфографион æмæ пунктуацион арæхстдзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинæдтæ;
- хи ныхасы арæзтмæ хъус дарын;

- ахуырадон æмæ наукон литературæимæ кусын, алыхуызон дзырдуæттæй æмæ æндæр æххуысгæнæг литературæйæ, уыимæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ æмæ Интернетæй хъæугæ æрмæг исын.

**Ирон æвзаджы программæ базоныны удгоймагон, метапредметон, предметон фæстиуджытæ**

***Удгоймагон фæстиуджытæ:***

1) ирон æвзаг ирон адæмы сæйраг национ-культурон хæзнатæй иу кæй у, уый æмбарын; мадæлон æвзаджы ахсджиаг бынат адæймаджы интеллектуалон, сфæлдыстадон æмæ удварнон рæзты уынын;

2) ирон æвзаг эстетикон хæзна кæй у, уый æмбарын; мадæлон æвзагæн аргъ кæнын зонын, сæрыстыр дзы уæвын; ирон æвзаджы сыгъдæгдзинад куыд националон культурæйы фæзынд æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнынил архайын; хи ныхасы культурæ бæрзонд кæнынмæ тырнын;

3) дзырдуат хъæздыг кæнын грамматикон фæрæзтæ зонын, хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ раст æмæ уæгъдибарæй æвдисынмæ арæхсын; хи ныхасæн раст аргъ кæнын.

***Метапредметон фæстиуджытæ*** (скъоладзаутæ сæйраг иумæйаг программæ куыд базонынц, уый æвдисæнтæ):

1) ныхасон архайды æппæт хуызтæ зонын:

*хъусын æмæ кæсын:*

- тексты темæ æмæ йæ сæйраг хъуыды, стиль бæрæг кæнын;

- кæсыны алы хуызтæ зонын (агурын, æркæсын, зонгæ кæнын) æмæ сæ алыхуызон стильтæ æмæ жанрты текстты пайда кæнын;

- тексты хъæугæ хъусынгæнинаг агурын;

- цалдæр текстæн сæ хуыз æмæ сæ мидис абарын;

- алыхуызон фæрæзтæй (уыимæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæй, компакт-дисктæй, Интернеты фæрæзтæй) хъæугæ æрмæг исынмæ арæхсын;

- дзырдуæтты алы хуызтæй, æххуысгæнæг литературæйæ (уыимæ электронон хæсджытыл дæр) уæгъдибарæй пайда кæнын;

- бæлвырд темæйæ æрмæг æмбырд кæнын æмæ йæ систематизаци кæнын зонын; хи хъаруйæ хъусынгæнинаг агурын; кæсгæ æмæ хъусгæйæ цы æрмæг базыдтой, уый ивын, æвæрын æмæ хъусын кæнын;

- ныхасон зæгъдтытæ сæ мидисмæ гæсгæ æрæмных кæнын æмæ абарынмæ арæхсын, сæ стилистикон хицæндзинæдтæ æмæ æвзагон фæрæзты æвзарын;

- ныхасы хуыз иртасын æмæ ивын зонын;

- текстмæ байхъусын кæнæ йæ бакæсыны фæстæ йыл бакусынмæ арæхсын (пълан, хи ныхæстæй дзурын, конспект, аннотаци);

- тексты сæйраг æмæ фæрссаг хъусынгæнинаг иртасын; тексты темæ æмæ идейæ бæрæг кæнын;

- текстмæ байхъусыны кæнæ йæ бакæсыны фæстæ йæ бындурыл ныхас аразын, диалогты архайын, хи фиппаинæгтæ дзургæйæ æмæ æнкъарæнтæ æвдисгæйæ;

- ныхтæм гæсгæ диалогтæ хъуыды кæнын;

- диалоджы архайынмæ æмæ йæ аразынмæ арæхсын;

- текстæн лексикон-грамматикон æмæ стилистикон раиртæст кæнын;

- алы хуызты фысгæ æмæ дзургæ текстæ, ныхасы стильтæ æмæ жанртæ аразынмæ арæхстдзинад æвдисын, кæрæдзиимæ ныхас кæныны уавæр, йæ нысан æмæ адресат хынцгæйæ;

- хи хъуыдытæ дзургæ æмæ фысгæ формæйы раст, уæгъдибарæй дзурынмæ арæхстдзинад æвдисын, текст аразыны нормæтæ æххæст кæнын (логикондзинад, ны-

хасы хæйтты кæрæдзи фæдыл раст æвæрд, сæ бастдзинад, темæйæн дзуапп дæттын), æцæгдзинады хабæрттæ æмæ фæзындтæм раст ахаст æвдисын;

- монолоджы (таурæгъ, æрфыст, тæрхæттæ; монолоджы алы хуызты бастдзинæдтæ) æмæ диалоджы алы хуызтæ (этикетон, диалог-бафарст, диалог-разæнгард кæнын, диалог-дзурджыты цæстæнгасты æвдыст æ. æнд.) зонын;

- дзургæйæ нырыккон ирон æвзаджы сæйраг орфоэпион, лексикон, грамматикон, стилистикон нормæтæ æххæст кæнын; фысгæ ныхасы орфографи æмæ пунктуацийы сæйраг æгъдæуттæ æххæст кæнын;

- этикеты нормæтæ æххæстгæнгæйæ ныхасы архайынмæ арæхсын;

- ныхас кæнгæйæ, цæсгомы, къухы змæлдтытæй хъæугæ хуызы пайда кæнын;

- хи ныхасы мидисæн, æвзагон арæзтæн аргъ кæнын; грамматикон æмæ ныхасон рæдыдтытæ арын æмæ сæ раст кæнын; хи текстæ хуыздæр кæнын æмæ редакци кæнын;

- чысыл хъусынгæнинæгтæ, реферат, доклад кæнынмæ арæхсын; быцæу ныхасы архайын, актуалон темæтыл дзурынмæ арæхсын;

2) райст зонындзинæдтæй, арæхстдзинæдтæй, фæлтæрддзинадæй æрвылбоны царды уавæрты пайда кæнын; ирон æвзагыл цы предметтæ ахуыр кæнынц æмæ цы æндæр уавæрты бахъæуы, уым мадæлон æвзагæй пайда кæнын;

3) алыварс адæмимæ ныхас кæнын зонын, иумæйаг хæстæ æххæст кæнын, быцæу ныхасы архайын, актуалон темæты фæдыл дзурын; этикетон ныхасы нормæты националон-културон нормæтæ зонын æмæ сæ пайда кæнын формалон æмæ æнæформалон уавæрты.

***Предметон фæстиуджытæ:***

1) зонын æвзаджы сæйраг функцитæ, ирон æвзаг куыд ирон адæмы националон æмæ паддзахадон æвзаг, адæмы æвзаг æмæ културæйы бастдзинад, мадæлон æвзаджы бынат адæймаг æмæ æхсæнады царды;

2) æмбарын мадæлон æвзаджы бынат ирон гуманитарон наукæты æмæ ахуырады;

3) базонын мадæлон æвзаджы наукон зонындзинæдты бындуртæ; йæ æмвæзад æмæ иуæгты бастдзинады æмбарынад райсын;

4) базонын лингвистикæйы бындурон æмбарынæдтæ: лингвистикæ æмæ йæ сæйраг хæйттæ; æвзаг æмæ ныхас, ныхас кæнын, дзургæ æмæ фысгæ ныхас; монолог, диалог æмæ сæ хуызтæ; ныхас кæныны уавæр; дзургæ ныхас, наукон, публицистикон, официалон-хъуыддагон стильтæ, аивадон литературæйы æвзаг; наукон, публицистикон, официалон-хъуыддагон стильты æмæ дзургæ ныхасы жанртæ; ныхасы функционалон-хъуыдыйон хуызтæ (таурæгъ, æрфыст, тæрхæттæ); текст, тексты хуызтæ; æвзаджы сæйраг иуæгтæ, сæ бæрæггæнæнтæ æмæ хицæндзинæдтæ ныхасы;

5) зонын ирон æвзаджы лексикæ æмæ фразеологийы сæйраг стилистикон фæрæзтæ, ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæ (орфоэпион, лексикон, грамматикон, орфографион, пунктуацион), зонын этикетон ныхасы нормæтæ æмæ сæ хи ныхасы пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ зæгъдтыты;

6) дзырдæн алыхуызон æвзæрст кæнын (фонетикон, морфемон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион), синтаксисон æвзæрст дзырдбаст æмæ хъуыдыйадæн; текстæн дæттын бирæаспектон раиртæст йæ сæйраг æууæлтæ æмæ арæзтмæ гæсгæ, æвзаджы бæлвырд функционалон хуызтæм ахастмæ, се ’взагон арæзты хицæндзинæдтæ æмæ æвзаджы аивгæнæн фæрæзтæй пайдакæнынадмæ гæсгæ;

7) лексикон æмæ грамматикон синонимийы коммуникативон-эстетикон гæнæнтæ æмбарын æмæ сæ хи ныхасы пайда кæнын;

8) мадæлон æвзаджы эстетикон функци æмбарын, арæхсын ныхасы эстетикон фарсæн аргъ кæнынмæ, аивадон литературæйы текстæн раиртæст дæтгæйæ.

Скъолайы сæйрагдæр ахуыр кæнынц ирон литературон æвзаг, уымæ гæсгæ æвзагæн куыд предметæн æппæты æнгомдæр бастдзинæдтæ ис ирон литературæимæ. Æвзагон æрмæг арæхдæр ист цæуы ирон аивадон уацмыстæй; уыимæ, скъолайы литературæйы программæйы цы тексттæ амынд ис, уыдонæй дæр. Се 'рмæгæй пайдагæнгæйæ, æвзæрст цæуынц дзырдты лексикон, грамматикон æмæ стилистикон миниуджытæ, орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ ахуыргонд цæуынц, хъуыдыйæдтæ æмæ тексты хæйтты бастдзинæдтæ. Æвзаг æмæ литературæйы бастдзинад вазыгджын у ныхасы рæзтыл кусгæйæ дæр.

Ныхасы рæзтыл кусыны темæтæ уæрст цæуынц грамматикон æрмæгыл, æмæ сын уымæ гæсгæ программæйы хицæнæй сахæттæ амынд нæй – ныхасы рæзтыл куыст цæуы алы урочы дæр. Культурæзонæн æмæ коммуникативон компетенцитæ рæзын кæныны тыххæй программæ пайда кæны ирон аив литературæйы, адæмон сфæлдыстады, публицистикон, наукон æмæ официалон-хъуыддагон тексттæй æмæ сæ скъуыддзæгтæй. Уымæй уæлдай ма программæмæ гæсгæ арæзт ахуыргæнæн чингуыты ис ахуырадон тексттæ – чингуыты авторты фыст тексттæ (тематикон пъланты бæрæггонд сты сæрмагонд нысанæй – *). Ацы программæйы сæрмагонд миниуæг у уый дæр, æмæ алы æвзагон темæ дæр æмбæрстгонд кæнæ фæлхатгонд цæуы бæлвырд ныхасон æрмæджы – тексты – бындурыл.

Изложенитæ æмæ нывæцæнты темæтæ æвзаргæйæ, архайын хъæуы, цæмæй уыцы куыстытæ æххуыс уой скъоладзауты фæллойадон, идейон æмæ этикон хъомыладæн.

Архайын хъæуы, цæмæй скъоладзаутæ ирон æвзаджы фæрцы фаг информаци исой æхсæнадон царды æппæт къабæзтæй æмæ иронау дзурын æмæ фыссын зоной сæхи æхсæнадон куысты фæлтæрддзинады, бинонты царды, райгуырæн хъæу, горæты тыххæй, æндæр адæмтæ æмæ бæстæты царды тыххæй.

Уроктæй уæлдай ма кæнын хъæуы консультацитæ, семинартæ, грамматикон хъæзтытæ, олимпиадæтæ æмæ æндæр куысты хуызтæ.

### Курс «Ирон æвзаджы» бынат ахуырадон пъланы

Ахуырадон пъланмæ гæсгæ 5 къласæй 9 къласы онг къуыйри сахæтты ирон (мадæлон) æвзагæй ис 1,5 урочы, ома: 5 къласы – 51 сах., 6 къласы – 51 сах.,7 къласы – 51 сах., 8 къласы – 51 сах., 9 къласы – 51 сах. 10 æмæ 11 кълæсты ирон æвзаг ахуыр кæнынц къуыри 1 сахат: 10 къласы – 34 сах., 11 къласы – 33 сах.

### Курсы мидис
### Коммуникативон компетенци æвзæрынгæнæг мидис

***1. Ныхас***

Ныхасы æмбарынад. Ныхасы ситуаци. Дзургæ æмæ фысгæ ныхас. Диалогон æмæ монологон ныхас.

Ныхасы архайды хуызтæ: кæсын, хъусын, дзурын, фыссын. Ныхасы арæзт: экспозици, бабаст, архайды цыд, кульминаци, райхæлд, кæрон.

Ныхасы функционалон-мидисон хуызтæ: таурæгъ, æрфыст, тæрхæттæ. Этикетон ныхас, йæ арæзт æмæ хæстæ. Этикетон формулæтæ официалон æмæ æнæофициалон уавæрты: арфæ кæнын, салам дæттын, зонгæ кæнын, хабæрттæй æмæ æнæниздзинадæй фæрсын, курдиаты, хатыр курыны æмæ рæвдауæн ныхæстæ; хистæримæ, ныййарджытимæ, сывæллæттимæ ныхас.

***2. Текст***

Тексты æмбарынад, йæ сæйраг миниуджытæ. Тексты темæ, сæйраг хъуыды, микротемæ. Тексты структурæ. Тексты хæйтты æмæ хъуыдыйæдты бастдзинады мадзæлттæ æмæ хуызтæ.

Абзац куыд тексты композицион-стилистикон дихкæнынады фæрæз.

Вазыгджын синтаксисон æнæхъæн (ВСÆ); йæ арæзт æмæ семантикæ. Хъуыдыйæдтæ бæттыны лексикон-грамматикон фæрæзтæ вазыгджын синтаксисон æнæхъæны. Параллелон æмæ цæгон бастдзинæдтæ ВСÆ.

Тексты пълан æмæ тезистæ куыд йæ информацион рацарæзты хуыз.

***3. Æвзаджы функционалон хуызтæ***

Æвзаджы функционалон хуызтæ: дзургæ ныхас; функционалон стильтæ: официалон-хъуыддагон, наукон, публицистикон; аивадон литературæйы æвзаг. Сæ лексикон, морфологион, синтаксисон миниуджытæ. Стильты сæйраг жанртæ.

Литературон æвзаг. Литературон æвзаджы нормæтæ. Нормæйы кодификаци.

Æвзаджы аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ. Троптæ: эпитет, абарст, метафорæ, олицетворени, перифразæ, аллегори. Стилистикон фигурæтæ: антитезæ, параллелизм, градаци

## Æвзагон æмæ лингвистикон (æвзагзонынадон) компетенци æвзæрынгæнæг мидис

***4. Æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ***

Ирон æвзаг – ирон адæмы национ æвзаг, РЦИ-Аланийы дыууæ паддзахадон æвзагæй иу; Республикæ Хуссар Ирыстоны паддзахадон æвзаг. Æвзаджы ахадындзинад æхсæнадон царды. Æвзаджы рæзты бастдзинад æхсæнады рæзтимæ.

Иумæйаг æмбарынад æвзæгты хæстæгдзинады тыххæй. Ирон æвзаджы бынат иннæ æвзæгты ’хсæн. Ирон æвзаджы диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ. Литературон æвзаг, диалект, ныхасыздæхт. Ирон æвзаджы рæзт.

Ирон æвзаджы сæйраг аивгæнæн мадзæлттæ.

Ирон æвзагзонынады историйæ. Ирон æвзагзонынады зынгæ ахуыргæндтæ.

***5. Фонетикæ æмæ орфоэпи***

Фонетикæ куыд æвзагзонынады хай. Хъæлæсонты системæ. Тыхджын æмæ лæмæгъ хъæлæсонтæ ирон æмæ дыгурон æвзæгты. Хъæлæсонты ивд ныхасы. Æмхъæлæсонты системæ. Раулæфтон æмæ æнæраулæфтон æвиппайдон æзылангон æмхъæлæсон мыртæ *(к, п, т, ц, ч)*. Раулæфт бæрæггæнæг дамгъæ *гъ (нæгъ, гъе)*. Уæнг. Цавд. Акцентуалон къордтæ.

Орфоэпийы тыххæй æмбарынад. Ирон литературон æвзаджы орфоэпион нормæ. Æмхъæлæсон мыртæ дз, ц, з, с-йы растдзурынад ирон литературон æмæ дыгурон литературон æвзæгты. Уырыссаг æмхъæлæсонтæ æмæ хъæлæсонты растдзурынад æрбайсгæ дзырдты.

Æмхъæлæсон æмæ хъæлæсон мырты ивддзинæдтæ.

Фонетикон æвзæрст.

***6. Графикæ***

Графикæ куыд æвзагзонынады хай. Мыртæ æмæ дамгъæты бастдзинад. Дыууæ нысанæй амынд мыртæ.

***7. Морфемикæ æмæ дзырдарæзт***

Морфемикæ куыд æвзагзонынады хай. Морфемæ куыд дзырды тæккæ къаддæр нысаниуæгджын хай. Морфемæты хуызтæ Дзырдаразæг æмæ формæаразæг морфемæтæ. Разæфтуан, фæсæфтуан куыд дзырдаразæг морфемæтæ. Уидаг. Æмуидагон дзырдтæ. Мырты ивынад уидаджы. Дзырдтæ аразыны хуызтæ. Бирæнысаниуæгон æмæ омонимон морфемæтæ. Ахадгæ, æнæахадгæ æмæ чысылахадгæ дзырдаразæн фæрæзтæ. Предметы æнæххæст кæнæ лæмæгъгонд æууæл чи нысан кæны, миногонты ахæм фæсæфтуантæ. Морфемæты стилистикон æууæлтæ. Бындур æмæ кæрон. Афтид кæрон. Уидаг, разæфтуан, фæсæфтуан æмæ кæроны хæстæ дзырды мидæг. Дзырдты морфемон æвзæрст.

***8. Лексикологи æмæ фразеологи***

Лексикологи куыд æвзагзонынады хай. Дзырд – лексикæйы иуæг. Дзырды лексикон нысаниуæг. Иунысаниуæгон дзырдтæ. Дзырдты бирæнысаниуæгад. Дзырды комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæг. Дзырдты тематикон къордтæ. Æмбарынгæнæн дзырдуат.

Синонимтæ. Антонимтæ. Омонимтæ.

Ирон æвзаджы лексикæ йæ равзæрдмæ гæсгæ. Æппæтадæмон дзырдтæ. Бындурон ирон дзырдтæ. Æндæр æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдтæ. Ирон æвзаджы историон-этимологион дзырдуат.

Ирон æвзаджы лексикæ йæ пайдакæнынадмæ гæсгæ. Активон æмæ пассивон лексикæ. Диалектизмтæ. Профессионализмтæ. Архаизмтæ. Историзмтæ. Неологизмтæ.

Дзырды лексикон æвзæрст.

Фразеологи куыд æвзагзонынады хай. Фразеологион дзырдбæстытæ. Уæгъдибар æмæ æнæуæгъдибар (æнгом æмæ æнæдихгæнгæ) дзырдбæстытæ. Фразеологион синонимтæ, антонимтæ æмæ омонимтæ.

Фразеологион дзырдуат.

***9. Мофрологи***

Морфологи куыд грамматикæйы хай. Ныхасы хæйттæ куыд дзырдты лексикон-грамматикон хуызтæ. Ныхасы хæйтты системæ ирон æвзаджы. Сæрмагонд ныхасы хæйттæ. Номдары, миногоны, нымæцоны, номивæджы, мивдисæджы, фæрсдзырды иумæйаг грамматикон нысаниуæг, морфологион æмæ синтаксисон миниуджытæ. Миногми æмæ фæрссагми куыд мивдисæджы номон формæтæ. Ныхасы хæйтты хицæндзинæдтæ дыгурон литературон æвзаджы.

Æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ, сæ хуызтæ нысаниуæгмæ гæсгæ, арæзтмæ гæсгæ, синтаксисон функцитæм гæсгæ.

Æвастхъæртæ æмæ мырфæзмæн дзырдтæ.

Алыхуызон ныхасы хæйтты омоними. Ныхасы хæйтты субстантиваци.

***11. Синтаксис***

Синтаксис куыд грамматикæйы хай. Дзырдбаст æмæ хъуыдыйад куыд синтаксисы иуæгтæ.

Дзырдбаст. Дзырдбæстыты хуызтæ. Сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ дзырдбасты мидæг. Синтаксисон бастдзинады хуызтæ дзырдбасты мидæг. Дзырдбасты хæйтты æхсæн ахастытæ.

Хъуыдыйæдты хуызтæ загъды нысанмæ æмæ эмоционалон ахуырстмæ гæсгæ. Хъуыдыйады грамматикон бындур. Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ, сæ зæгъыны хуызтæ. Зæгъинаджы хуызтæ.

Хуымæтæг хъуыдыйæдты структурон хуызтæ: дывæрсыг æмæ иувæрсыг, цыбыр æмæ даргъ, вазыгджынгонд æмæ æнæвазыгджынгонд, æххæст æмæ æнæххæст.

Иувæрсыг хъуыдыйæдты хуызтæ. Мивдисæгон æмæ номон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ.

Вазыгджынгонд хъуыдыйæдтæ. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ, иртæстгонд уæнгтæ, сидæн, бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæ.

Вазыгджын хъуыдыйæдты классификаци. Вазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн синтаксисон ахастытæ æвдисыны мадзæлттæ. Бæттæгджын вазыгджын хъуыдыйæдтæ: бабæтгæвазыгджын, домгæвазыгджын. Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Бирæхайон вазыгджын хъуыдыйæдтæ.

Искæй ныхас зæгъыны мадзæлттæ. Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхас.

***11. Растфыссынад æмæ пунктуаци***

Орфографи куыд раст фыссыны æгъдæутты системæ. Орфограммæйы æмбарынад.

Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты растфыссынад морфемæты мидæг. Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты растфыссынад морфемæты æхсæн.

Дзырдтæ иумæ, дефисимæ æмæ хицæнтæй фыссыны æгъдæуттæ. Цыбыргонд дзыр- ты растфыссынад. Стыр æмæ чысыл дамгъæйæ фыссыны æгъдæуттæ. Дзырдтæ иурæнхъæй иннæмæ хæссын. Орфографион дзырдуат.

Орфографион æвзæрст.

Пунктуацийы æмбарынад. Æрхæцæн нысæнттæ æмæ сæ функцитæ. Иугай æмæ къайджын æрхæцæн нысæнттæ.

Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады кæрон.

Æрхæцæн нысæнттæ хуымæтæг æнæвазыгджынгонд хъуыдыйады. Æрхæцæн нысæнттæ хуымæтæг вазыгджынгонд хъуыдыйады.

Æрхæцæн нысæнттæ вазыгджын хъуыдыйады: бабæтгæвазыгджын, домгæвазыгджын, æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады.

Æрхæцæн нысæнттæ вазыгджын хъуыдыйады бастдзинады цалдæр хуызимæ. Æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ ныхасы, цитатæимæ ныхасы, диалоджы.

Æрхæцæн нысæнтты фембæлд.

## Социокультурон компетенци æвзæрынгæнæг мидис

***Æхсæнад æмæ цардыуаг.*** Бинонты цардыуаг. Ирон æгъдæуттæ. Хистæр æмæ кæстæры, уазæг æмæ фысимы ’хсæн ахастытæ, хи дарыны уаг. Улæфты рæстæг. Ды æмæ де ’мбæлттæ. Ирон бæрæгбонтæ. Удварны хæзнатæ. Райгуырæн бæстæ. Адæймаг æмæ æхсæнадон цард. Разамынд дæттыны сусæгдзинæдтæ. Æфсæддон намыс. Æндæр бæстæты цард. Ирыстоны рагон историйы цаутæ. Ирыстоны баиу Уæрæсеимæ. Ирыс- тоны паддзахадон арæзт æмæ нысæнттæ. Республикæйы социалон-экономикон уавæр. Фæсивæды проблемæтæ нæ рæстæджы.

***Æрдз.*** Нæ алыварс дуне. Адæймаг æмæ æрдз. Афæдзы афонтæ. Космосон тыгъ- дад. Æрдзы фæзындтæ. Æрдз æмæ адæймаг. Зайæгойты дуне. Ирыстоны хæхтæ æмæ цæугæдæттæ. Уæрæсе, Кавказ æмæ æндæр бæстæты æрдзы хъæздыгдзинæдтæ. Мæргътæ æмæ цæрæгойты цард. Ирыстоны кæмттæ. Ирыстоны æрдзы хъæздыгдзинæдтæ. Зæххы къори. Адæймаг æмæ космос. Галактикæйы арæзт.

***Ахуырад æмæ фæллой.*** Ахуыры фыццаг бон. Каникултæ алы рæтты æмæ бæстæты. Ахуыргæнæн чиныг. Боны фæтк. Скъолайы чиныгдон. Скъолайы бæрæгбонтæ. Ахуыр- гæнæг æмæ скъоладзаутæ. Зындгонд ахуыргæндтæ. Наукæ æмæ ахуырад. Фæллойы ахадындзинад адæймаджы царды. Алыхуызон дæсныйæдтæ. Скъоладзауты æхсæнадон куыст. Ирон литературон æвзаджы равзæрд. Хосгæнæн кæрдæджытæ. Иуæй-иу куыстуæттæ. Ахуырад Уæрæсейы æмæ æндæр бæстæты. Антикон æмæ астæуккаг æнусты ахуыргæндтæ Зæххы тыххæй. Антикон ахуыргæндтæ космосы тыххæй. Цы- быр зонинæгтæ зындгонд ахуыргæндты тыххæй. Дунейы адæмты æвзæгтæ. Ирон æвзагзонынады историйæ.

***Культурæ.*** Æвзаг æмæ культурæ. Мадæлон æвзаг. Уырыссаг æвзаг. Ирон æмæ ду- нейы адæмты культурæ. Ныхасы этикет. Ирон адæмы дзургæ сфæлдыстады уацмыстæ. Ирыстоны цытджын лæгтæ. Уæрæсейы хъæбатыртæ. Адæймаджы удварны миниуджы-тæ. Къостайы цард æмæ сфæлдыстад. Царциаты диссæгтæ. Ирыстоны рагон цардæй. Адæмон-поэтикон сфæлдыстад. Нарты кадджытæ – ирон адæймаджы удварны кодекс. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æфсæддон разамонджытæ æмæ хуымæтæг салдæттæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цыртдзæвæнтæ Ирыстоны. Ирон адæмы æгъдæуттæ. Кур- диат æмæ аивады тых. Ирыстоны историон цыртдзæвæнтæ. Мадæлон æвзаг. Спорт æмæ Олимпаг хъæзтытæ. Зындгонд ирыстойнаг спортсментæ. Спорт æмæ физкультурæйы ахадындзинад царды.

Ныхасы культурæ. Ирон национ культурæ: нывкæнынад, музыкалон аивад, кино- аивад. Ирыстоны намысы лæгтæ. Дунейы

адæмты музыкалон культурæ. Нырыккон музыкæйы стильтæ. Зындгонд музыканттæ æмæ музыкалон къордтæ.

**Тематикон пълан 10 къл. (къуыри 1 сах., ӕдӕппӕтӕй – 34 сах., уыдонӕй 2 сах. – контролон куыстытӕ)**

| Урочы номыр | Темӕ | Урочы мидис | Скъоладзауты архайды хуызтӕ |
|---|---|---|---|
| | | **Фонетикӕ. Графикӕ. Орфографи.**<br>**Ныхасы культурӕ** (4 сах.) | |
| 1. | Фонетикӕ.<br>Мыртӕ ӕмӕ дамгъӕты бастдзинад.<br>Орфоэпи | Мыртӕ ӕмӕ дамгъӕты бастдзинад.<br>Орфоэпи.<br>Ӕмхъӕлӕсон мыртӕ *дз, ц, з, с*-йы растдзурынад ирон литературон ӕмӕ дыгурон литературон ӕвзӕгты.<br>Уырыссаг ӕмхъӕлӕсонтӕ ӕмӕ хъӕлӕсонты растдзурынад ӕрбайсгӕ дзырдты. | Хъӕлӕсон ӕмӕ ӕмхъӕлӕсон мырты миниуджыты тыххӕй чиныджы раиртӕст бакӕсын.<br>Ӕвиппайдон ӕзылангон ӕмхъӕлӕсон мыртӕ дзурын ахуыр кӕнын.<br>Ӕмбарын кӕнын дзырдты растфыссынад.<br>Фӕлтӕрын дзырдтӕ дӕргъвӕтинӕй кӕсынил фӕлхатгонд дамгъӕтимӕ.<br>Хъӕлӕсонты ӕууӕлтӕ иронау ӕмӕ дыгуронау бӕрӕг кӕнын.<br>Барын ӕмӕ ӕмбарын кӕнын дзырды мырон ӕмӕ дамгъон арӕзт<br>Растдзурынады нормӕты тыххӕй раиртӕст кӕсын. |
| | | *Фӕлхат кӕнын*<br>Уырыссаг ӕвзагӕй ист дамгъӕтӕ ирон алфавиты ӕмӕ сӕ пайдакӕнынад ирон ӕвзаджы.<br>Дзырдты морфологион арӕзт. | Радзурын уырыссаг ӕвзагӕй ист дамгъӕтӕй пайдакӕнынады тыххӕй.<br>Бӕрӕг кӕнын дзырдты морфологион арӕзт. |
| | | *Ныхасы рӕзт*<br>**Удварны хӕзнатӕ.** 1-аг дӕлтемӕ: **«Ды дӕ мӕ цин, мӕ цардамонд Фыдыбӕстӕ…»** (Кочысаты Мухарбег). Скъуыддзаг Джыккайты Ш. иу уацӕй: «Фыдыбӕстӕ ӕмӕ адӕмы сӕраппонд тох кӕнын». | Тексты сӕйраг хъуыды ӕмбарын кӕнын.<br>Бацӕттӕ кӕнын рефераттӕ темӕтӕй «Ирон фыссынады историйӕ», «Чи уыдис Анахарсис?»<br>Текстӕн сӕргонд хъуыды кӕнын, пълан ын аразын фӕрстыты хуызы ӕмӕ йӕ уыцы пъланмӕ гӕсгӕ дзурын.<br>Тексты стиль бӕрӕг кӕнын ӕмӕ аргументтӕ хӕссын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 2. | Хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мырты ивддзинæдтæ.<br>Орфографи.<br>Орфограммæ.<br>Орфографийы принциптæ | Æмхъæлæсон æмæ хъæлæсон мырты ивддзинæдтæ ныхасы.<br>Орфограммæ æмæ растфыссынады тыххæй дзурын.<br>Орфографийы принциптæ. | Чиныджы темæимæ баст теори кæсын æмæ йæ дзурын.<br>Бæрæг кæнын хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мырты ивддзинæдтæ ныхасы.<br>Амонын орфограммæтæ æмæ æмбарын кæнын дзырдты растфыссынад.<br>Цæттæ кæнын диктант фыссынмæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Фонетикон æвзæрст.<br>Фарстон æмæ разæнгардгæнæн хъуыдыйæдтæ.<br>Диалог. | Аразын диалогтæ.<br>Этикон ныхæсты мидис æмæ сæ пайда кæныны уавæртæ æмбарын кæнын.<br>Фарстон æмæ разæнгардгæнæн хъуыдыйæдтæ раст хъæлæсы уагæй кæсын.<br>Фонетикон æвзæрст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны хæзнатæ.** 2-аг дæлтемæ: **«Адæймаджы ном кад æмæ радимæ хæссын».**<br>Скъуыддзаг Санаты Уарийы таурæгъ «Бæтæйы фырттæ»-й. | Текст кæсын, сæргонд ын хъуыды кæнын.<br>Бæрæг кæнын тексты темæ æмæ идейæ.<br>Тексты мидисимæ баст фæрстытæн æххæст дзуæппытæ дæттын.<br>Базырджын ныхæстæй иуы тыххæй хъусынгæнинаг фыссын. |
| 3. | Уæнг. Цавд.<br>Цавды æгъдæуттæ. | Дзырдтæ уæнгтыл дих кæнын.<br>Цавд æвæрыны æгъдæуттæ ирон æвзаджы. Цавды хицæндзинæдтæ дыгурон литературон æвзаджы. | Темæимæ баст раиртæст чиныджы кæсын.<br>Дзырдты дихдзинад уæнгтыл æмбарын кæнын.<br>Дзырдтыл цавд æвæрыны æгъдæуттæ зæрдыл лæууын кæнын.<br>Амынд дзырдты нысаниуджытæ дзырдуатмæ гæсгæ æмбарын кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Вазыгджын дзырдты арæзт.<br>Ныхасы хуызтæ: таурæгъ, æрфыст, хи хъуыдыты загъд (тæрхæттæ).<br>Аивдон-нывгæнæн мадзæлттæ. | Æмбарын кæнын тексты вазыгджын дзырдты арæзт.<br>Бæрæг кæнын зæгъинæгты хуызтæ æмæ сæ морфологион арæзт. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Удварны хæзнатæ.** 3-аг дæлтемæ: | Тексты темæ бæрæг кæнын æмæ йын сæргонд дæттын.<br>Тексттæй фыссын, литературон архайæджы бакаст æмæ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | **«Сылгоймаджы æфсарм, намыс æмæ рæсугъддзинад».**<br>Скъуыддзæгтæ Плиты Х. поэмæ «Сæлимæт» æмæ Барахъты Г. кадæг «Азджериты Куыцыкк»-æй. | удыхъæд амонæг дзырдтæ.<br>Сылгоймаджы фæлгонц фыссын бæлвырд литературон уацмысмæ гæсгæ, пайда кæнын æрфыст æмæ тæрхæттæй. |
| 4. | Акцентуалон къордтæ. | Акцентуалон къордтæ ирон æвзаджы, сæ арæзт. | Акцентуалон къордтæ арæзты тыххæй чиныджы теоретикон æрмæг бакæсын æмæ йæ дзурын.<br>Цавды æвæрд дзырдты къордты æмбарын кæнын.<br>Диктормæ (ахуыргæнæгмæ) хъусын æмæ ахуыр кæнын литературон ныхас диалектон æмæ æндæр ныхасæй иртасын.<br>Раст кæнын орфографион рæдыдтытæ, амонын орфограммæтæ æмæ æмбарын кæнын дзырдты растфыссынад. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Ныхасы хæйттæ æмæ хъуыдыйады уæнгтæ зæрдыл лæууын кæнын, цæмæй раст амынд цæуа акцентуалон къордты арæзт.<br>Мивдисæджы здæхæнтæ. | Бæрæг кæнын мивдисæджы здæхæнтæ. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Лæгдзинады бæрæггæнæнтæ.**<br>Скъуыддзæгтæ Барахъты Г. «Азджериты Куыцыкк»-æй æмæ Брытъиаты Е. «Дыууæ хойы»-йæ. | Тексты темæйы тыххæй хи хъуыдытæ дзурын, хатдзæгтæ кæнын.<br>Бæрæг кæнын текстты мидисы æвæрд патриотон æмæ этикон хъуыдытæ.<br>Цыбыр хъусынгæнинаг фыссын нæлгоймаджы удварны тыххæй. |
| **Лексикæ. Фразеологи. Ныхасы культурæ** (14 сах.) | | | |
| 5. | Лексикæ.<br>Дзырдты бастдзинад | Лексикæйы æмбарынад.<br>Дзырдты бастдзинад кæрæдзиимæ сæ мидисмæ гæсгæ. | Æвзаджы дзырдуатон сконд.<br>Дзырды лексикон нысаниуæг.<br>Бæрæг кæнын дзырды бынат хъуыдытæ, æнкъарæнтæ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | кæрæдзиимæ сæ мидисмæ гæсгæ | Термин «культурæ»-йы нысаниуæг. | згъыны, сæ бастдзинад кæрæдзиуыл ныхасы мидæг.<br>Культурæйы æмбарынады тыххæй чиныджы раиртæст кæсын æмæ йæ дзурын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырдбасты хуызтæ сæйраг дзырды морфологион арæзтмæ гæсгæ. | Амонын дзырдбасты хæйтты лексикон æмæ морфологион арæзт. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон национ культурæ: нывкæнынад.**<br>Тугъанты Махарбег æмæ Хъотайты Гришамæ гæсгæ фыст текст «Хетæгкаты Леуаны фырт Къоста-нывгæнæг». | Тексты пълан аразын æмæ йæ уыцы пъланмæ гæсгæ дзурын.<br>Тексты  стиль бæрæг кæнын.<br>Тексты бындурыл диалог аразын.<br>Нывгæнæгæй интервью исын æмæ йæ фыссын. |
| 6. | Лексикон бастдзинады фæрæзтæ тексты хъуыдыйæдты æхсæн | Дзырдтæ тексты хæйттæ бæттынæн.<br>Темæ амонæг дзырдты ивынад тексты хæйтты: номивæгæй, синонимон дзырдæй кæнæ лексикон фæлхатæй. | Тексты хæйттæ бæттыны лексикон мадзæлттæ амонын.<br>Дзырдтæн синонимтæ фыссын.<br>Дзырдты орфограммæтæ æмбарын кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Зæрдыл лæууын кæнын тексты хæйттæ бæттыны лексикон фæрæзтæ: номивджытæ, лексикон фæлхат, синонимтæ.<br>Этикетон сидæнтæ. | Бæрæг кæнын тексты темæ амонæг дзырдты хуызтæ.<br>Ног терминтимæ зонгæ кæнын.<br>Этикетон сидæнтæ зæрдыл лæууын кæнын.<br>Этикетон диалог аразын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Нарты кадджыты темæ ирон нывкæнынады**.<br>Дзантиаты Анатолийы уырыссаг текстæй тæлмацгонд текст*. | Тексты пълан аразын æмæ йæ дзурын уыцы пъланмæ гæсгæ.<br>Тексты бæрæг кæнын удварнимæ баст хъуыды, хи аргъ ын дæттын, тæрхæттæй пайдагæнгæйæ.<br>Иу нывгæнæг кæнæ скульпторы тыххæй ныффыссын хъусынгæнинаг.<br>Архайын диалогты. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 7. | Дзырдты лексикон нысаниуæг.<br>Дзырдты тематикон къордтæ | Дзырдты лексикон æмæ грамматикон нысаниуджытæ.<br>Дзырдты лексикон æмæ грамматикон нысаниуджыты бастдзинад.<br>Дзырдты тематикон къордтæ. | Дзырдты бастдзинад сæ мидис, нысаниуджытæ æмæ тематикон къордтæм гæсгæ æмбарын кæнын.<br>Дзырдты тематикон къордты тыххæй чиныджы теори кæсын.<br>Дзырды лексикон æмæ грамматикон нысаниуджыты бастдзинад амонын. |
| | | Фæлхат кæнын<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ иугæнæг дзырдтæ.<br>Терминтæ. | Дзырдты лексикон æмæ грамматикон нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ æмæ иугæнæг дзырдтæ амонын.<br>Официалон, æхсæнадон-политикон, экономикон æмæ æфсæддон терминтæ бæрæг кæнын. |
| | | Ныхасы рæзт<br>Рæвдауæн дзырдтæ<br>Æмдзæвгæтæ: Абайты Эдуард «Мæ хъæбысмæ ’рбаппар, / Мæ хъæбул дæхи» æмæ Дауырæ «Арæх æрымысын…». | Уацмысы сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Рæвдауæн дзырдты хуызтæ амонын, сæ ахадындзинад сын бæрæг кæнын.<br>Реферат цæттæ кæнын лæвæрд темæйæ.<br>Бæрæг кæнын тексты стилон арæзт. |
| 8. | Иунысаниуæгон æмæ бирæнысаниуæгон дзырдтæ.<br>Метафорæ.<br>Метоними | Иунысаниуæгон æмæ бирæнысаниуæгон дзырдтæ.<br>Метафорæ æмæ метоними, сæ хицæнгæнæн миниуджытæ.<br>Дзырдты растфыссынад. | Дзырды комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуджытæ зæрдыл лæууын кæнын.<br>Чиныджы бакæсын теоретикон æрмæг æмæ йыл æрдзурын.<br>Æмбарынгæнæн дзырдуатмæ гæсгæ амонынц дзырдты бирæнысаниуæгад.<br>Миногонтæ æмæ мивдисджыты растфыссынадимæ орфограммæтæ амонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Аивадон-нывгæнæн мадзæлтты хуызтæ. | Аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ зæрдыл лæууын кæнын, тексты сæ амонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон адæмон зарджытæ.**<br>Цæрукъаты А. æмдзæвгæ «Зарæг. | Æмбарын кæнын тексты æвзаджы арæзт.<br>Текстæн сæргонд æвзарын.<br>Тексты мидисмæ фæрстытæ дæттын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Ирон адæмон музыкæйы тыххæй текст*. | Агурын тексты ирон адæймаджы идеалтæ амонæг скъуыддзаг. |
| 9. | Æвзаджы темæ:<br>Омонимтæ. | Омонимты хуызтæ, сæ хицæндзинæдтæ.<br>Бирæнысаниуæгад æмæ омоними. | Омонимты тыххæй чиныджы теоретикон æрмæг бакæсын.<br>Омонимты хуызтæ амонын.<br>Орфографион рæдыдтытæ раст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды лексикон ныснаиуæг.<br>Орфограммæтæ. | Дзырдбæстытæ аразын омонимтимæ.<br>Орфограммæтæ бæрæг кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон героикон зарджыты æвзаг.**<br>Абайты Васомæ гæсгæ фыст текст «Ирон героикон зарджыты æвзаг».<br>«Плиты Иссæйы зарæг». | Фæрстыты хуызы тексты пълан аразын.<br>Пъланмæ гæсгæ тексты мидисыл дзурын. |
| 10. | Æвзаджы темæ:<br>Синонимтæ.<br>Градаци | Синонимтæ, сæ рахицæнгæнæн æууæлтæ. Синонимты хуызтæ (лексикон, фразеологион, грамматикон).<br>Синонимты хæстæ тексты.<br>Градаци, йæ равзæрд æмæ хæстæ тексты. | Синонимты хуызты тыххæй чиныджы теоретикон æрмæг бакæсын.<br>Лексикон, фразеологион æмæ грамматикон синонимтæ æвзарын.<br>Синонимты мидис æмбарын кæнын.<br>Синонимон рæнхъыты амонын синонимты хуызтæ.<br>Синонимты хицæнгæнæн миниуджытæ бæрæг кæнын.<br>Градацийы теори амонын.<br>Уацмысы амонын æвзагон æмæ контекстуалон синонимтæ.<br>Морфологион æвзæрст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ: метафорæ, эпитет, абарст, олицетворени. | Æмдзæвгæты амонын аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ, сæ хæстæ. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**«Бæрзонд ном у – хæстон лæппу, салдат!»** (Джусойты Нафи) | Æмдзæвгæты мидис кæрæдзиуыл барын, бæрæг сын кæнын сæ мидис æмæ се ’взаджы æууæлтæ.<br>Уацмысы хъуыды бæрæг кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Æмдзæвгæтæ: Хетæгкаты Къ. «Салдат», Джусойты Н. «Салдат», Дарчиты Д. «Уый федтон æз». | |
| 11. | Антонимтæ.<br>Антитезæ.<br>Оксюморон | Антонимтæ.<br>Æвзагон æмæ контекстуалон антонимтæ.<br>Антитезæ.<br>Оксюморон. | Зонгæ кæнын чиныджы амынд теоретикон раиртæстытимæ.<br>Æвзагон æмæ контекстуалон антонимты хицæндзинад æмбарын кæнын.<br>Дзырдты растфыссынадыл кусын.<br>Антитезæ æмæ оксюморон амонын.<br>Лексикон æвзæрст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйады грамматикон бындур.<br>Орфографийы морфологион принцип. | Тексты темæимæ баст дзырдтæ бæрæг кæнын.<br>Морфологион принципмæ гæсгæ фыст дзырдтæ амонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Хидарыны уаг.**<br>Айларты И. «Хи дарыны уаг».<br>Джыккайты Ш. æмдзæвгæ «Дыууадæс дзырды». | Фæрстыты хуызы тексты пълан аразын.<br>Пъланмæ гæсгæ тексты мидис дзурын.<br>Тексты этикон хъуыды хи ныхæстæй æмбарын кæнын. |
| 12. | Æвзаджы темæ:<br>Æрбайсгæ дзырдтæ | Æрбайсгæ дзырдтæ.<br>Бындурон æмæ æрбайсгæ дзырдтæ.<br>Æрбайсгæ дзырдтæ чиныгон ныхасы. | Бындурон æмæ æрбайсгæ дзырдты тыххæй теоретикон æрмæг зæрдыл лæууын кæнын.<br>Курдиат амонæг этикетон ныхæстæ фыссын.<br>Аразын æрбайсгæ æмæ бындурон дзырдтæ разæфтуантæ æмæ фæсæфтуанты фæрцы.<br>Æрбайсгæ дзырдты мидис æмбарын кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Терминтæ.<br>Æрбайсгæ дзырдты растдзурынад æмæ растфыссынад. | Терминты мидис бæрæг кæнын.<br>Дзырдты равзæрды тыххæй хъусынгæнинаг цæттæ кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон музыкалон аивад.** | Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Тексты пълан аразын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Текстт: «Ирон музыкалон аивад».<br>Ситохаты С. «Хуры тынтæ – хъисфæнды хъистæ».<br>Сиукъаты Н. наукон текстæй скъуыддзаг. | Пъланмæ гæсгæ дзурын тексты сæйраг мидис.<br>Тексты амонын метафорæтæ æмæ олицетворенитæ.<br>Текстæн бæрæг кæнын йæ лексикæйы хуызтæ.<br>Аразын диалог курдиаты ныхæстимæ. |
| 13. | Диалектизмтæ | Литературон æмæ диалектон ныхас.<br>Диалектизмтæ, сæ арæзт æмæ хæстæ. | Диалектон дзырдты бынат иумæйагадæмон æвзаджы æмбарын кæнын.<br>Диктормæ (ахуыргæнæгмæ) хъусын æмæ ахуыр кæнын литературон ныхас диалектон æмæ æндæр ныхасæй иртасын.<br>Дыгурон дзырдты мидис æмбарын кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Аивгæнæн-нывгæнæн мадзæлттæ.<br>Диалог.<br>Этикетон ныхæстæ. | Аивадон-нывгæнæн мадзæлтты нысан тексты амонын.<br>Диалогтæ аразын, этикетон ныхæстæй пайдагæнгæйæ. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Бинонты фарн.**<br>Текстт: Дзаболаты Х. «Фыдæлтæ æмæ мах». Абайты Э. «Уæ ныхасы фарн уадзут!» | Удварны домæнтæ амонын.<br>Тексты иртасын аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ. |
| 14. | Сæрмагонд лексикæ.<br>Терминтæ æмæ профессиона-лизмтæ | Сæрмагонд лексикæ, терминтæ æмæ профессионализмтæ.<br>Терминтæ ирон æвзаджы. | Сæрмагонд лексикæ, терминтæ æмæ профессионализмты хицæндзинæдтæ амонын.<br>Терминты тыххæй хъусынгæнинаг фыссын.<br>Тексты темæ æмæ дæлтемæтимæ баст дзырдты къордтæ æмæ сæ бастдзинæдтæ бæрæг кæнын. |
| | | Фæлхат кæнын<br>Æрхæцæн нысæнтты æвæрд хъуыдыйады иртæстгонд уæнгтимæ æмæ домгæвазыгджын хъуыдыйады. | Æрхæцæн нысæнтты æвæрд æмбарын кæнын.<br>Терминты морфологион арæзт амонын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>Ирыстоны æрдз.<br>Газет «Рæстдзинад»-æй дыууæ тексты æрдзы тыххæй.<br>Скъуыддзаг Хъазиты М. радзырдæй. | Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Бæрæг кæнын тексты стиль.<br>Текcттæ кæрæдзиуыл барын æмæ сын се ’взагон хицæндзинæдтæ æмбарын кæнын. |
| 15. | Зæронд æмæ ног дзырдтæ | Зæронд дзырдтæ ирон æвзаджы.<br>Активон æмæ пассивон дзырдуат.<br>Ног дзырдтæ. Авторон ног дзырдтæ. | Зæронд æмæ ног дзырдтæ бæрæггæнæнтæ амонын.<br>Алыхуызон дзырдарæзтон мадзæлтты фæрцы хъæугæ дзырдтæ аразын.<br>Ног дзырдты равзæрд бæрæг кæнын дзырдуатмæ гæсгæ.<br>Лексикон æвзæрст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Синонимтæ, антонимтæ, æрбайсгæ дзырдтæ, диалектон дзырдтæ, сæрмагонд лексикæ. | Тексты агурын рацыд æрмæгимæ баст дзырдтæ æмæ сæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Балц Шотландимæ.**<br>Журнал «Лиза»-йæ текст «Эдинбург: XIV æнусы – цыма вулканыл!»*. | Реферат фыссын амынд темæйæ иуыл.<br>Тексты мидисимæ баст фæрстытæн æххæст дзуæппытæ дæттын.<br>Æрбайсгæ дзырдты тæлмац ирон æвзагмæ æмбарын кæнын. |
| 16. | Контролон куыст | | |
| 17. | Æнгом дзырдбæстытæ | Уæгъдибар æмæ æнæуæгъдибар дзырдбæстытæ.<br>Æнгом дзырдбæстытæ. | Уæгъдибар æмæ æнæуæгъдибар дзырдбæстытæ иртасын.<br>Уæгъдибар дзырдбæстытæй ахæсгæ нысаниуæджы пайда кæнын.<br>Æнгом дзырдбæстыты тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл лæууын кæнын.<br>Æндæр æвзæгтæй æрбайсгæ æнгом дзырдбæстытæ амонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырдбæстытæ, сæ арæзт.<br>Æрхæцæн нысæнттæ хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты.<br>Дефис æвæрыны æгъдæуттæ. | Æрхæцæн нысæнтты æвæрд тексты æмбарын кæнын.<br>Дзырдты растфыссынад дзургæйæ амонын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны æрдз. Хъолайы цъити.**<br>Малиты Х. уацæй скъуыддзаг «Хъолайы цъити».<br>Газет «Рæстдзинад»-æй ист текст «Хъелы цад».<br>Скъуыддзаг Хъуылаты С. радзырд «Номылус»-æй. | Тексты лексикон-стилистикон анализ кæнын.<br>Тексты фæлгонцджын дзырдты мидис æмбарын кæнын.<br>Амонын дзургæ ныхасы дзырдтæ æмæ æнгом дзырдбæстыты хæстæ тексты.<br>Бацæттæ кæнын хъусынгæнинаг чызджы æгъдауы тыххæй.<br>Уацхъуыд фыссын æхсæнадон-политикон темæйыл. |
| 18. | Фразеологи-он синонимтæ, антонимтæ, омонимтæ | Фразеологион синонимтæ, антонимтæ æмæ омонимтæ.<br>Фразеологион иуæгты стилистикон миниуджытæ. | Фразеологион синонимтæ, антонимтæ æмæ омонимты тыххæй раиртæст кæсын.<br>Æнгом дзырдбæстыты стилистикон миниуджытæ æмбарын кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Синонимтæ æмæ антонимтæ, омонимтæ.<br>Æрхæцæн нысæнтты хуызтæ. | Æрхæцæн нысæнтты æвæрд тексты æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны зæххы хъæздыгдзинæдтæ.**<br>Беруаты Б. «Нæ зæххы хъæздыгдзинæдтæ».<br>Барысбиты Б. текст газет «Рæстдзинад»-æй. | Фразеологион здæхтыты хæстæ ныхасы æмбарын кæнын.<br>Текст хи ныхæстæй дзурын.<br>Тексты бындурыл диалог аразын.<br>Текстæн сæргонд хъуыды кæнын. |
| **Литературон æвзаг. Стилистикæ. Ныхасы културæ** (6 сах.) | | | |
| 19. | Литературон æвзаг æмæ йæ нормæтæ | Литературон æвзаджы æмбарынад, йæ нормæтæ. Литературон æвзаджы кодификаци.<br>Æмбарынæдтæ: фысгæ æмæ дзургæ ныхас, ныхас кæныны сферæтæ, | Литературон æвзаг æмæ йæ нормæты тыххæй чиныджы теоретикон æрмæг кæсын æмæ йæ дзурын.<br>Дзургæ ныхасы фæрæзты бынат фысгæ текстты бæрæг кæнын.<br>Литературон æмæ стилистикон нормæты бастдзинад |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | монолог æмæ диалог. | æмбарын кæнын.<br>Монолог æмæ диалогы тыххæй дзурын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Ныхасы стилы æмбарынад.<br>Вазыгджын хъуыдыйады арæзт. | Стилистикон рæдыдтыты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Вазыгджын хъуыдыйæдтæн схемæтæ аразын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Национ парк «Алани»**<br>Беруаты Б. æмæ Сабеты А. уацхъуыд «Национ парк «Алани»-йæ скъуыддзаг.<br>Тохсырты Къ. «Æнæрзæт къахинæгтæ».<br>Скъуыддзæгтæ тексттæй: Барахъты Г. радзырд «Тæлмац»-æй æмæ Биазырты Къ. наукон уацæй. | Бæрæг кæнын тексты стилон бæрæггæнæнтæ амонæг фæрæзтæ.<br>Аивадон æмæ наукон текстты хицæндзинæдтæ амонын.<br>Тексты конспект фыссын.<br>Литературон нормæты хæлд æмбарын кæнын.<br>Интервьюйы арæзт æмбарын кæнын. |
| 20. | Стилистикæ æмæ ныхасы културæ | Стилистикæ æмæ ныхасы културæйы предмет, сæ бастдзинад.<br>Фæрæзты стилистикæ æмæ функционалон стилистикæ.<br>Стилистикон нысаниуæг: функционалон-стилистикон æмæ æнкъарæнджын-аргъгæнæн. | Ахуырадон текстимæ зонгæ кæнын.<br>Æмбарын кæнын ныхасы кульурæйы бынат адæмы царды.<br>Стилистикæ æмæ ныхасы културæйы бастдзинадыл дзурын.<br>Дзуапп дæттын теоретикон æрмæгимæ баст фæрстытæн.<br>Терминты мидис æмбарын кæнын дзырдуæттæм гæсгæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Ныхасы стильты хуызтæ ирон æвзаджы.<br>Реферат. | Тексты стилон арæзт æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны æрдз. Цæгат Ирыстоны æхсæрдзæнтæ.**<br>Тексттæ: Хъуысаты Г. | Тексты мидис дзурын æмæ йæ цыбыргондæй фыссын.<br>Тексты жанр æмæ стиль бæрæг кæнын æмæ йын йæ миниуджытæ нымайын. Реферат фыссын темæйæ «Функционалон стильтæ ирон æвзаджы». |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | «Цæгат Ирыстоны æхсæрдзæнтæ». Газет «Рæстдзинад»-æй текст æрдзы тыххæй. Хъайтыхъты А. «Хæдзары хицау». | |
| 21. | Ирон лексикæ æмæ фразеологион иуæгты стилистикон миниуджытæ. Дзырды стилистикон нысаниуæджы æмбарынад. | Ирон лексикæ æмæ фразеологион иуæгты стилистикон миниуджытæ.<br>Чиныгон æмæ дзургæ ныхасы лексикæ.<br>Стилистикон (кæнæ функционалон-стилистикон) нормæйы фарст.<br>Дзырдты стилистикон бæрæггæнæнтæ. | Чиныджы лæвæрд теоретикон æрмæгимæ зонгæ кæнын.<br>Дзырдтæ амонын сæ стилистикон бæрæггæнæнтæм гæсгæ.<br>Ныхасмæ хъусгæйæ, иртасын стилистикон мадзæлттæ æмæ сæ хæстæ.<br>Дыгурон дзырдтæ зæрдыл бадарын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Синонимон рæнхъ. | Синонимон рæнхъы семантикон-стилистикон синонимтæ бæрæг кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон удыконд.**<br>Скъуыддзаг Хъайтыхъты А. радзырдæй. | Тексты мидисимæ баст хæслæвæрдтæ æххæст кæнын.<br>Ирон адæймаджы удварны миниуджыты тыххæй ныхас кæнын.<br>Дзырдтæй сæ стилистикон миниуджытæм гæсгæ пайда кæнын. |
| 22. | Чиныгон æмæ дзургæ ныхасы фразеологион иуæгтæ | Чиныгон æмæ дзургæ ныхасы фразеологион иуæгтæ.<br>Иумæйаглитературон æмæ, стилистикон нысаниуæг (æмæ ахуырст) кæмæн ис, ахæм дзырдтæ æмæ фразеологион иуæгтæ.<br>Сæ бынат ныхасы. Стереотипон æвзагон мадзæлттæ. | Дзургæ ныхас æмбарын, зонын æй цыбырæй æмæ æххæстæй дзурын.<br>Æнгом дзырдбæстыты стилистикон миниуджытæ амонын.<br>Удварнон æмæ этикон æмбарынæдты тыххæй хи хъуыдытæ дзурын, тексты æрмæгыл æнцойгæнгæйæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Ныхасы стильтæ.<br>Ныхасы хæйттæ. | Чиныгон æмæ дзургæ ныхасы лексикæйы морфологион арæзт бæрæг кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æфсæддон намыс.**<br>Текст «Æфсæддон намыс»*.<br>Таурæгъ «Кодзырты Таймураз»-æй скъуыддзаг. | Тексты пълан аразын.<br>Пъланмæ гæсгæ тексты мидис дзурын.<br>Тексты бындурыл диалог аразын.<br>Этикетон ныхæстæ текстмæ гæсгæ амонын.<br>Диалог монологæй ивын. |
| 23. | Дзырдты æнкъарæнджын-экспрессивон нысаниуæг | Дзырдты æнкъарæнджын-экспрессивон нысаниуæг.<br>Æнкъарæнджын-экспрессивон дзырдты бынат функционалон стильты. | Темæимæ баст теоретикон æрмæг чиныджы бакæсын æмæ йæ хайгай радзурын.<br>Тексты æнкъарæнджын-экспрессивон фæрæзтæ агурын, сæ хæстæ сын æмбарын кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æрхæцæн нысæнттæ æмхуызон æмæ иртæстгонд уæнгтимæ. | Æрхæцæн нысæнттæ æвæрын хъуыдыйæдты æмхуызон æмæ иртæстгонд уæнгтимæ. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны намысы лæгтæ. Абайты Васо.**<br>Мæхæмæтты А. «Зынаргъ Васо!»<br>Скъуыддзаг Эдмон Ростаны хъæбатырон комеди «Сирано де Бержерак»-æй. | Текст радзурын фæрстытæм гæсгæ.<br>Тексты мидис æмæ нывæфтыддзинады æууæлтæ бæрæг кæнын зæгъинагимæ бастæй.<br>Текстæн сæргонд хъуыды кæнын, йæ мидисыл ын ныхас кæнын.<br>Текстты стильтæ бæрæг кæнын.<br>Диалогтæ ивын монологон ныхасæй.<br>Цыбыр очерк ныффыссын зындгонд адæймагыл. |
| 24. | Этикетон ныхас | Этикет.<br>Этикетон ныхас.<br>Этикетон ныхæсты къордтæ.<br>Этикетон ныхæсты хуызтæ ирон бинонты царды. | Ахуырадон текстимæ зонгæ кæнын этикетон ныхасы тыххæй.<br>Этикетон ныхасы нормæтæ амонын.<br>Паралингвистикон мадзæлтты тыххæй дзурын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æрбайсгæ дзырдтæ.<br>Мивдисæджы здæхæнтæ æмæ афонтæ. | Æрбайсгæ дзырдты хуызтæ бæрæг кæнын.<br>Мивдисæджы формæты ахадындзинадыл дзурын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Сæ нæмттæ цæрдзысты мыггагмæ. Леонардо да Винчи.**<br>Цæрукъаты А. æмдзæвгæ «Леонардо да Винчи»-йæ скъуыддзаг.<br>Малиты В. «Леонардо да Винчи».<br>Текст нарты кадджытæй «Æвдзæрæны хæст». | Тексты пълан аразын æмæ йæ уыцы пъланмæ гæсгæ дзурын.<br>Текст цыбыргондæй фыссын.<br>Цыбыр хъусынгæнинаг фыссын иу зындгонд нывгæнæджы тыххæй.<br>Тексты хæйттæ бæттæг дзырдтæ амонын.<br>Комкоммæ загъд курдиаты ныхæстæ зонын ивын фæрссаг хуызы загъд курдиаты ныхæстæй.<br>Аразын диалог этикетон ныхæстимæ.<br>Дзурын этикетон ныхæсты нысаны тыххæй абоны царды.<br>Хуынды гæххæтт фыссын. |
| **Морфемикæ. Морфологи. Орфографи. Ныхасы культурæ** (9 сах.) | | | |
| 25. | Морфемикæ.<br>Морфемæты хуызтæ | Морфемикæ.<br>Морфемæты хуызтæ.<br>Дзырдарæзт – æвзагзонынады хицæн хай.<br>Ног дзырдтæ аразыны фæрæзтæ.<br>Морфемæты стилистикон æууæлтæ. | Морфемæты тыххæй теоретикон æрмæг зæрдыл лæууын кæнын.<br>Дзырды арæзт æмæ дзырдаразæн мадзæлттæ бæрæг кæнын.<br>Раст амонын дзырдтæ аразыны хуызтæ.<br>Дзырдæн кæнын морфемон æвзæрст. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дывæргонд æмхъæлæсонты растфыссынад. Аффиксты хуызтæ. | Чиныгон æмæ дзургæ ныхасы дзырдтæ аразыны аффикстæ амонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны намысы лæгтæ. Хъантемыраты бæхылхъазджытæ.**<br>Текст В. Марсяновскийы чиныгæй «Кантемировцы» (тæлмац*). | Текст дих кæнын мидисджын хæйттыл æмæ алы хайæн дæр бæрæг кæнын йæ сæйраг хъуыды.<br>Текстимæ баст хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтыл дзурын. |
| 26. | Морфологи.<br>Ныхасы хæйттæ ирон æвзаджы.<br>Сæрмагонд ныхасы хæйтты | Морфологи.<br>Ныхасы хæйттæ ирон æвзаджы.<br>Ныхасы хæйтты грамматикон категоритæ.<br>Хауæнты нысаниуджытæ. | Сæрмагонд æмæ æххуысгæнæг ныхасы хæйтты хуызтæ, сæ нысаниуæг æмæ грамматикон категоритæ æмбарын кæнын.<br>Номдары хауæнты нысаниуджыты тыххæй раиртæст бакæсын æмæ йæ радзурын.<br>Амонын дыгурон æвзаджы тасындзæджы хицæндзинæдтæ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | грамматикон категоритæ. Хауæнты нысаниуджытæ | *Фæлхат кæнын*<br>Номдарты бирæон нымæцы арæзт ирон æвзаджы.<br>Географион нæмтты растфыссынад. | Ныхасы хæйтты хуызтæ амонын.<br>Æмбарын кæнын номдарты бирæон нымæц аразынимæ баст орфограммæтæ.<br>Географион нæмтты растфыссынад гуырынон хауæны. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Киноаивад Ирыстоны.**<br>Тексттæ: Цогойты В. «Дзæуджыхъæуы кинематограф сæдæ азы размæ».<br>Черчесты Хъ. «Кинорежиссер Уалыты Владимир». | Текст фæрстытæм гæсгæ дзурын.<br>Реферат фыссын иу ирон кинорежиссеры тыххæй.<br>Фыссын цыбыр сочинени-тæрхæттæ, амонын дзы тезис, бæлвырдгæнæн, хатдзæг. |
| 27. | Мивдисæг. Миногми æмæ фæрссагми | Мивдисæг.<br>Мивдисæджы ифтындзæг.<br>Мивдисæджы грамматикон формæтæ. Вазыгджын мивдисджытæ, мивдисæджы вазыгджын æмæ разæнгардгæнæн формæтæ. Мивдисæджы æнæивгæ æмæ æнæцæсгомон формæтæ.<br>Миногми æмæ фæрссагми.<br>Миногмион æмæ фæрссагмион здæхтытæ. | Темæимæ баст теоретикон раиртæст чиныджы кæсын.<br>Мивдисæджы æбæлвырд формæты грамматикон миниуджытæ бæрæг кæнын.<br>Мивдисджытæн сæ грамматикон формæты хуызтæ æмбарын кæнын.<br>Миногми æмæ фæрссагмийы морфологион æууæлтæ æмæ синтаксисон хæстæ амонын.<br>Миногмион æмæ фæрссагмион здæхтытæ ирон æвзаджы.<br>Дыгурон æвзаджы мивдисджыты ифтындзæджы хицæндзинæдтæ амонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Вазыгджынгонд хъуыдыйæдтæ. | Æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттыл дзурын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Хосгæнæн кæрдæджытæ.**<br>Тексттæ: Газет «Рæстдзинад»-æй («Бæхы рагъы хос», «Хъæдгæмттæн, цæфтæн», «Фæткъуы: аппæй цъары онг»). | Аивадон тексты хæйттæ бæттæг æвзагон мадзæлттæ агурын æмæ æмбарын кæнын.<br>Текст тæлмац кæнын ирон æвзагмæ.<br>Æрхæцæн нысæнтты æвæрд амонын.<br>Тексты сæйраг хъуыды æмбарын кæнын.<br>Хъусынгæнинаг цæттæ кæнын хосгæнæг кæрдæджыты тыххæй. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Тотров В.К. «О народной медицине Осетии». Скъуыддзаг Мамсыраты Д. радзырд «Райгуырæн бæстæ»-йæ. | |
| 28. | Мивдисæджы бындуртæ. Мивдисæджы разæфтуантæ æмæ сæ нысаниуджытæ | Мивдисæджы бындурты хуызтæ, сæ аразæг фæсæфтуантæ. Мивдисæджы разæфтуанты хуызтæ æмæ сæ функцитæ. | Мивдисæджы бындурты хуызты тыххæй чиныджы кæсын æмæ йæ дзурын. Ивгъуыд афоны мивдисджыты растфыссынад æмбарын кæнын. Разæфтуанты хуызтæ ирон æвзаджы æмæ сæ функцитæ зæрдыл лæууын кæнын. Бæрæг кæнын мивдисæджы здæхæнты хæстæ. Амонын разæфтуанты хуызтæ дыгурон литературон æвзаджы. |
| | | *Фæлхат кæнын* Мивдисæджы разæнгардгæнæн æмæ æнæцæсгомон формæтæ. | Мивдисджыты разæнгардгæнæн æмæ æнæцæсгомон формæты арæзтыл дзурын. |
| | | *Ныхасы рæзт* **Разамынд дæттыны сусæгдзинæдтæ.** Цалдæр тæлмацгонд скъуыддзаджы В.П. Шейновы чиныгæй «Скрытое управление человеком»: «Æз дæн иннæ сылгоймæгты хуызæн», «Джавахарлал Неру»* æ. инн. Текст «Александр Македонский». | Цыбыр хъусынгæнинаг фыссын разамынд дæттыны тыххæй. Интонацийы алы хуызтæй пайда кæнын амонын. Кæрæдзи фæрстытæн дзуапп дæттын. Текст ирон æвзагмæ тæлмац кæнын. |
| 29. | Мивдисæджы афонтæ æмæ здæхæнты нысаниуджытæ | Мивдисæджы афонтæ æмæ здæхæнтæ, сæ нысаниуджытæ Мивдисæджы формæты растфыссынад. | Темæимæ баст теорийыл дзурын чиныджы æрмæджы бындурыл. Мивдисæджы грамматикон формæтæ бæрæг кæнын. Мивдисджыты формæты растфыссынад амонын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Зæгъинаджы арæзт.<br>Вазыгджынгонд хъуыдыйæдты хуызтæ.<br>Стилистикон фигурæтæ. | Зæгъинаджы хуызтæ фæлхат кæнын.<br>Ӕрхæцæн нысæнтты æвæрд æмбарын кæнын.<br>Стилистикон фигурæты хуызтæ зæрдыл лæууын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы.**<br>Мыртазты Б. æмдзæвгæтæ «Ӕгъдауы кадæг» æмæ «Фыды фарн».<br>Мыртазты Б. «Лæг».<br>Хъодзаты Ӕ. æмдзæвгæ «Ӕфсарм».<br>Плиты Г. трагеди «Чермен»-æй скъуыддзаг. | Тексты æвæрд этикон æмбарынæдтыл дзурын.<br>Хи хъуыдытæ дзурын (фыссын) лæджы фарны тыххæй.<br>Тексты мидис æмæ æвзагон арæзты тыххæй дзурын.<br>Тексты аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ æмæ стилистикон фигурæты хæстæ бæрæг кæнын.<br>Диалогон ныхасæй монологон ныхас аразын. |
| 30. | Ӕххуысгæнæг ныхасы хæйттæ | Ӕххуысгæнæг ныхасы хайы æмбарынад.<br>Ӕххуысгæнæг ныхасы хæйтты хуызтæ æмæ лексикон-грамматикон миниуджытæ. | Ӕххуысгæнæг ныхасы хæйтты хуызтæ æмæ грамматикон хæстæ бæрæг кæнын.<br>Морфологион æвзæрст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Вазыгджын хъуыдыйадæн схемæ аразын. | Бæрæггонд дзырдты морфологион арæзт æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ничи нæ ферох, ницы нæ ферох.**<br>Калоты Х. «Карз хæст райдыдта».<br>Цæгæраты М. «Уæлахизы уалдзæг».<br>Джусойты Н. æмдзæвгæтæ «Гыцци, фыссыс…», «Гыццимæ». Дарчиты Д. æмдзæвгæ «Хæстон хо». Джыккайты Къ. æмæ Баситы М. уацæй скъуыддзаг «Уæлахиздзаутæ». | Тексты хъуыды æмбарын кæнын.<br>Хъусынгæнинаг фыссын амынд темæйæ.<br>Тексттæ кæрæдзиуыл барын æмæ сын сæ иумæйаг æмæ хицæнгæнæг æууæлтæ æмбарын кæнын.<br>Текстты нывгæнæн-ирдгæнæн мадзæлттæ агурын æмæ сын сæ хæстæ æмбарын кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 31. | Бæттæгтæ | Бæттæгтæ.<br>Бæттæгты хуызтæ сæ нысаниуæгмæ гæсгæ.<br>Бæттæг дзырдтæ.<br>Æмбарынгæнинаг дзырдтæ. | Бæттæгты тыххæй чиныджы теоретикон æрмæг кæсын æмæ йæ дзурын.<br>Бабæтгæ бастдзинады æмæ домгæ бастдзинады бæттæгтæ.<br>Бæттæгтæ бæрæг кæнын хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты.<br>Бæттæг дзырдтæ æмæ æмбарынгæнинаг дзырдты хуызтæ æмæ функцитæ амонын.<br>Вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразын æмæ æвзарынмæ арæхсын.<br>Вазыгджын хъуыдыйадæн схемæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Вазыгджын хъуыдыйад.<br>Æрхæцæн нысæнттæ хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты. | Æрхæцæн нысæнтты æвæрд æмбарын кæнын синтаксисон арæзтыты. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Мадæлон æвзаг.**<br>Æмдзæвгæтæ: Хъодзаты Æ. «Ирон дзырд» æмæ Джусойты Н. «Уарзоны монолог»<br>Айларты И. æмбисæндтæ. | Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Кæрæдзи фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Хи хъуыдытæ дзурын æмæ фыссын мадæлон æвзаджы тыххæй.<br>Реферат фыссын амынд темæйæ. |
| 32. | Хайыгтæ. Модалон дзырдтæ | Хайыгтæ, сæ дихкæнынад сæ нысаниуæгмæ гæсгæ.<br>Модалон дзырдты нысаниуджытæ. | Хайыгты хуызтæ амонын.<br>Модалон дзырдтæ хайыгтæй хицæн кæнын.<br>Хайыгтæ æмæ модалон дзырдты хæстæ тексты (ныхасы) бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Ныхасы хæйттæ.<br>Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхас. | Æрхæцæн нысæнтты æвæрд бæрæг кæнын.<br>Амонын дзырдты морфологион арæзт.<br>Комкоммæ ныхасæй фæрссаг ныхас аразын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Мады къухты рæвдыд.**<br>Цæрукъаты А. æмдзæвгæ «Мады къухты рæвдыд». | Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Текстæн стилистикон анализ кæнынмæ арæхсын.<br>Хи хъуыдытæ фыссын сылгоймаджы æгъдауы тыххæй.<br>Гыццыл нывæцæн фыссын мады тыххæй. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Ходы К. æмдзæвгæ «Мæ дзæбæх мад». Хъайтыхъты А. радзырд «Фыдус»-æй скъуыддзаг. | |
| 33. | Разæвæрдтæ æмæ фæсæвæрдтæ. Æвастхъæртæ. Мырфæзмæн дзырдтæ | Разæвæрдтæ æмæ фæсæвæрдтæ. Æвастхъæрты нысаниуджытæ, сæ хæстæ. Мырфæзмæн дзырдтæ, сæ равзæрд. | Разæвæрдтæ æмæ фæсæвæрдтæ иртасын, сæ хæстæ сын амонын.<br>Æвастхъæрты нысаниуджытыл дзурын, ныхасы сæ пайда кæнын амонын.<br>Мырфæзмæн дзырдтæ хицæн кæнын æвастхъæртæй.<br>Æрхæцæн нысæнттæ æвастхъæртимæ.<br>Наукон хъусынгæнинаг ныффыссын æвастхъæрты тыххæй.<br>Хъуыдыйæдтæн синтаксисон æвзæрст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æрхæцæн нысæнттæ хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты, комкоммæныхасы<br>Аргъгæнæн-æнкъарæнджын дзырдтæ. | Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнтты æвæрд æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстон куыд баиу ис Уæрæсеимæ.**<br>Скъуыддзæгтæ: Блиты М. «Ирыстон куыд баиу ис Уæрæсеимæ» (тæлмац*). Плиты Г. трагеди «Чермен»-æй æ. инн. | Тексты аразæн хæйттæ æмæ сæ бастдзинады фæрæзтæ амонын.<br>Тексты мидисмæ фæрстытæ дæттын.<br>Хъусынгæнинаг фыссын æрдхорды миниуджыты тыххæй.<br>Цыбыр нывæцæн фыссын амынд темæйæ. |
| 34. | Контролон куыст | | |

**Сæйраг домæнтæ 10-æм къласы скъоладзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм**

***Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:***

- хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мырты хицæндзинæдтæ, сæ растдзурынад;
- æрбайсгæ дзырдты растдзурынад;
- цавды æгъдæуттæ;

- дзырдтæ сæ мидисмæ, нысаниуджытæм æмæ тематикон къордтæм гæсгæ цавæртæ сты, уый;
- дзырдты семантикон æмæ стилистикон къордтæ;
- уæгъдибар æмæ æнæуæгъдибар дзырдбæстытæ;
- фразеологион синонимтæ æмæ антонимтæ;
- фразеологион иуæгты стилистикон миниуджытæ;
- этикетон ныхасы формулæты тематикæ æмæ æвзагон арæзт;
- дзырды арæзт æмæ дзырдаразæн мадзæлттæ;
- ныхасы хæйтты сæйраг грамматикон миниуджытæ;
- орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ;
- литературон æмæ диалектон ныхас;
- æмбарынæдтæ: фысгæ æмæ дзургæ ныхас, ныхас кæныны сферæтæ, монолог æмæ диалог;
- диалогон ныхас монологон ныхасæй иртасын;
- литературон æмæ стилистикон нормæтæ;
- лексикон-грамматикон стилистикон мадзæлттæ;
- текстты хуызтæ;
- ныхасы стильтæ æмæ се ’взагон миниуджытæ;
- ирон æмæ дыгурон æвзæгты иуæй-иу лексикон-грамматикон хицæндзинæдтæ.

***Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:***
- хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мыртæй сæ миниуджытæм гæсгæ пайда кæнынмæ;
- дзырдтæ æмæ дзырдты къордты цавд раст æвæрын æмæ дзурынмæ;
- дзырдтæ æмæ дзырдбæстыты алы хуызтæй ныхасы уавæрмæ гæсгæ пайда кæнынмæ;
- фразеологион здæхтытæй пайда кæнынмæ;
- алыхуызон дзырдарæзтон мадзæлтты фæрцы хъæугæ дзырдтæ аразынмæ;
- дзырдтæн сæ грамматикон формæтæ хынцгæйæ, дзырдбæстытæ, хъуыдыйæдтæ æмæ алыхуызон тексттæ аразынмæ;
- ныхасы темæ æмæ нысанмæ гæсгæ диалогтæ аразын æмæ сæ пайда кæнынмæ;
- ныхасы æмæ æвзаджы стильтæ кæрæдзийæ хицæн кæнынмæ;
- этикетон формулæтæй ныхасы уавæрмæ гæсгæ пайда кæнынмæ;
- фарстæн раст дзуапп æвзарынмæ;
- ныхас дарддæр хæццæ кæнынмæ;
- диалоджы стереотипон æвзагон мадзæлттæй пайда кæнынмæ;
- диалогон ныхасæй монологон ныхас аразынмæ;

- бæлвырд темæйæ быцæу ныхас аразынмæ;
- текст пунктуацийы æгъдæуттæм гæсгæ æвзарынмæ;
- литературон ныхас диалектон æмæ æндæр ныхасæй иртасынмæ;
- тексты темæ (дæлтемæтæ) æмæ идейæ бæрæг кæнынмæ, пълан ын аразынмæ æмæ йæ уыцы пъланмæ гæсгæ фыссынмæ (дзурынмæ);
- тексты темæ æмæ дæлтемæтимæ баст дзырдты къордтæ амонынмæ;
- тексты цы стилистикон мадзæлттæ ис, уыдон иртасын æмæ сын сæ хæстæ æмбарын кæнынмæ;
- дзырдтæ æмæ æнгом дзырдбæстытæй сæ лексикон, грамматикон æмæ стилистикон нысаниуджытæм гæсгæ пайда кæнынмæ;
- тексттæ алыхуызон стильтæм гæсгæ аразынмæ;
- текст кæронмæ фыссынмæ, сæргонд ын хъуыды кæнынмæ;
- рефераттæ, хъусынгæнинæгтæ, докладтæ, гыццыл сочиненитæ цæттæ кæнынмæ;
- текст мидисджын хæйттыл дих кæнынмæ;
- тексты мидисæй хатдзæгтæ кæнынмæ;
- алыхуызон рæдыдтытæ раст кæнынмæ;
- хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты, комкоммæ ныхасы æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрынмæ;
- этикетон формулæтæ æмæ æвзагон штамптæй ныхасы уавæрмæ гæсгæ пайда кæнынмæ;
- алыхуызон æвзæрстытæ кæнынмæ.